

Prepare pou Randevou w pou w pran Vaksen COVID-19 lan



Sa pou konnen anvan w ale

- Vaksen an gratis pou tout moun.
- Ou dwe mete yon randevou pou w ka pran vaksen.
- Vaksen Pfizer ak vaksen Moderna mande de dòz vaksen. Se pou asire w anvan ou soti nan premye randevou w lan, swa ke w fikse yon dezyèm randevou nan menm plas kote w pran vaksen an oswa ke w konnen kijan pou fikse yon dezyèm randevou.
- Vaksen Johnson & Johnson (Janssen) nan mande sèlman yon sèl dòz.
- Ou pa bezwen ni asirans, ni yon lisans pou kondwi, ni yon nimewo Sosyal Sekirite pou w ka pran vaksen an.

Sa w bezwen pou randevou w lan

Plas kote wap pran vaksen an gendwa liste dokiman sa yo kòm bagay nesèsè sepandan, yo aplikab sèlman pou moun ki genyen yo. Ou kapab toujou resevwa vaksen COVID-19 lan san w pa gen asirans oswa san kat didante.

- Yon kat didante ki gen non w, pou verifye non w nan sistèm vaksinasyon an.
- Yon kat asirans sante. Yap voye bòdwo bay asirans ou san w pa peye anyen.



Pwoteje lòt moun

Lap pran tan pou tout moun resevwa vaksen COVID-19 lan. Kontinye itilize tout bagay yo ki disponib pou anpeche viris la simaye - anvan w vaksinen, ant de dòz vaksen yo epi lè w fin vaksinen nèt.

Pou w fikse randevou w, vizite mass.gov/COVIDvaccine

Yo mete l ajou 29/04/2021

